

## MEMORANDÒM

**POU :** Direktè ak Asistan Direktè klas 9<sup>yèm</sup> ane-12<sup>yèm</sup> ane

**SOTI NAN BIWO :** Paul L. King, Direktè Egzekitif, (Biwo Arts ak Pwojè Espesyal, Office of Arts and Special Projects)  
Elizabeth M. Guglielmo, Direktè Mizik, Office of Arts and Special Projects

**SIJÈ:** (PWOGRAM MIZIK TOUT LEKÒL SEGONDÈ VIL LA ODISYON POU 2019-2020, AUDITIONS FOR 2019-2020 ALL-CITY HIGH SCHOOL MUSIC PROGRAM)  
**TOUT ANSANM**

Depatman Edikasyon nan Vil Nouyòk ap anonse odisyon san randevou pou tout koral lekòl segondè nan vil la, Bann konsè, Ansanm Dyaz, Ansanm Laten, Fanfa, ak Òkès.

- Y ap fè Repetisyon pou elèv yo aksepte yo *Samdi, kòmanse* [ \_\_\_\_\_ ], epi ap kontinye pandan tout ane lekòl 2019-2020 an.
- Pwogram Mizik Tout Lekòl Segondè Nan Vil la pral prezante yon *Konsè Kilminan an me 2020*.
- *Mayestwo eksepsyonèl* yo ap dirije chak ansanm avèk asistans *pwofesè mizik konpetan ak devwe*.
- Eksperyans mizikal ak teknik elèv yo pran nan repetisyon *pral amelyore kalite pwogram mizik lekòl endividyèl* yo.

**TANPRI DISTRIBYE FÒM ODISYON YO VOYE BA W pou pwofesè, elèv, lyezon art ak kowòdonatè paran yo.**

***ODISYON san Randevou nan YOUN nan dat sa yo:***

**Samdi, [ \_\_\_\_\_ ] oswa Samdi, [ \_\_\_\_\_ ]**

**9:00 am - 12:30 pm**

<b>Ansanm</b>	<b>Lokasyon Odision</b>	<b>Yo ap fè Repetisyon:</b>
<b>REFREN</b>	<b>Frank Sinatra School of the Arts</b> 35-12 35 <sup>th</sup> Avenue, Queens, New York 11106 Tren: #7 pou ale Queensboro Plaza; E pou Queens Plaza; F pou 21 <sup>st</sup> Street; M, R pou Steinway Street; N, W pou 36 <sup>th</sup> Ave-Washington Ave Otobis: Q101, Q102, Q10, Q66	<b>Samdi AM</b> <b>9:00 am – 12:30 pm</b>
<b>BANN KONSÈ</b>	<b>Grand Street Educational Campus</b> 850 Grand Street, Brooklyn NY 11211 Tren: G, J, M pou Lorimer Street; L pou Grand Street; Z pou Marcy Ave. Otobis: B24, B43, B48, B60, Q54, Q59	<b>Samdi AM</b> <b>9:00 am – 12:30 pm</b>
<b>ANSANM DYAZ</b>	<b>Talent Unlimited High School</b> Antre nan 317 East 67 <sup>th</sup> Street, NY, NY, 10065 <i>ant 1st ak 2nd Aves.</i> Tren: #6 pou 68 <sup>th</sup> Street, Hunter College Otobis: M15, M101, M102 pou 67 <sup>th</sup> Street; M66 pou 2 <sup>nd</sup> Avenue	<b>Samdi AM</b> <b>9:00 am – 12:30 pm</b>
<b>ANSANM LATEN</b>	<b>Talent Unlimited High School</b> Antre nan 317 East 67 <sup>th</sup> Street, NY, NY, 10065 <i>ant 1st ak 2nd Aves.</i> Tren: #6 pou 68 <sup>th</sup> Street, Hunter College Otobis: M15, M101, M102 pou 67 <sup>th</sup> Street; M66 pou 2 <sup>nd</sup> Avenue	<b>Samdi AM</b> <b>1:00 – 4:30 pm</b>
<b>Fanfa</b>	<b>Grand Street Educational Campus</b> 850 Grand Street, Brooklyn NY 11211 Tren: G, J, M to Lorimer Street; L to Grand Street; Z to Marcy Ave. Otobis: B24, B43, B48, B60, Q54, Q59	<b>Samdi AM</b> <b>9:00 am – 12:30 pm</b>
<b>ÒKÈS</b>	<b>Talent Unlimited High School</b> Antre nan 317 East 67 <sup>th</sup> Street, NY, NY, 10065 <i>ant 1st ak 2nd Aves.</i> Tren: #6 pou 68 <sup>th</sup> Street, Hunter College Otobis: M15, M101, M102 pou 67 <sup>th</sup> Street; M66 to 2 <sup>nd</sup> Avenue	<b>Samdi AM</b> <b>9:00 am – 12:30 pm</b>

**Pwogram Mizik Lekòl Segondè Nan Tout Vil La**

**Fòm odisyon elèv**

1. Tanpri ranpli fòm pi ba a epi fè paran/responsab ou siyen l.
2. Prepare yon moso chwazi pou jwe oswa chante. **Tanpri gade egzijans odisyon pi ba a pou chak ansanm.**
3. Pote yon enstriman,\* si ou ap fè odisyon pou yon gwoup enstrimantal.  
 \*Yo ap bay pèksyon, kontrebass, tuba, ak saksofòn bariton nan lokal la .
4. Patisipe nan odisyon (dat ak lè yo site pi ba a) **\*\*Yo ap resevwa tout elèv selon prensip premye arive, premye sèvi.\*\***

Non ak Siyati Elèv la \_\_\_\_\_ (Enprime) \_\_\_\_\_ Non pyès prepare \_\_\_\_\_  
 Imèl Elèv la Adrès \_\_\_\_\_ # Telefòn Selilè (Elèv la) \_\_\_\_\_  
 Adrès Lakay Elèv \_\_\_\_\_ Apt. \_\_\_\_\_ Borough \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kod Postal \_\_\_\_\_  
 Non Lekòl Segondè \_\_\_\_\_ Klas Kounye : \_\_\_\_\_ Enstriman/vwa: \_\_\_\_\_

Non Pwofèsè Mizik lekòl Lajounen w lan \_\_\_\_\_ # OSIS Elèv la \_\_\_\_\_

Mwen ap fè odisyon pou [Tyeke Youn]:

**Koral** \*Egzijans pou odisyon:

- (1) Prepare yon seleksyon klasik oswa yon seleksyon vokal pou Broadway k ap demontre talan mizikal ou.  
 ➤ Tanpri pote pwòp fèy mizik ou.

**Bann Konsè** \*Egzijans pou odisyon :

- (2) Yon seri uit nòt mizik (oktav) pa echèl (montan ak desandan) OSWA (1) echèl De-oktav (montan ak desandan)
- (1) moso Solo oswa Pratik; Dechifre ak pèfòmè mizik san preparasyon

**Ansanm Dyaz** \*Egzijans pou odisyon :

- (3) Pi gwo echèl\* (montan ak desandan nan plizyè oktav, si posib)
- (1) Solo prepare (preferans yon swing, funk, oswa estil dyaz laten); Dechifre ak pèfòmè mizik san preparasyon  
 ➤ Kapasite pou enpwovizasyon ak konesans gam minè ak blues se gwo atou.  
 ➤ \*Tanbourin è yo, n ap mande nou pou nou jwe ridiman olye echèl.

**Ansanm Laten** \*Egzijans pou odisyon :

- Bwa/Kuiv/Pyano/Bas: (2) Yon seri uit nòt mizik (oktav) pa echèl (montan ak desandan) OSWA (1) echèl De-oktav (montan ak desandan)  
 Bwa/Kuiv/Pyano/Bass/Vokal: (2) seleksyon mizikal prepare depreferans nan estil laten, tankou yon monte/moso tempo mwayen ak yon balad dyaz oswa bolero laten tradisyonèl (Latin ballad)

**Fanfa** \*Egzijans pou odisyon:

- (2) Echèl chwa
- (1) Seleksyon mizikal prepare ki demontre talan mizikal ou; dechifre ak pèfòmè mizik san preparasyon.

**Òkès** \*Egzijans pou odisyon :

- (3) Pi gwo echèl nan chwa elèv la  
 ➤ Mizisyen ki jwe enstriman akòd yo dwe demontre yo fè chanjman.  
 ➤ Sa ki pouse van ak sa ki sou kuiv yo dwe demontre yo metrize plizyè oktav ak rit yo.
- (1) Solo prepare (se pa yon ekstrè òkès) nan yon nivo konpetitif; Dechifre ak pèfòmè mizik san preparasyon

\*Siyati Elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

\*Non Paran/Responsab \_\_\_\_\_ Siyati Paran/Responsab \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Imèl Paran/Responsab Adrès \_\_\_\_\_ # Telefòn \_\_\_\_\_

Mwen bay pèmision pou non elèv ki pi wo a patisipe nan odisyon ki tyeke pi wo a.

## **Konsènan Pwogram Mizik Lekòl Segondè Nan Tout Vil La**

Pwogram Mizik Lekòl Segondè Nan Tout Vil La reyini elèv mizisyen pi wo nivo yo nan lekòl leta vil Nouyòk nan tout 5 borough yo pou kreye plizyè bon jan kalite gwoup mizik . Gwoup mizik sa yo travay nan kolaborasyon ak divèsite pou sipòte elèv yo nan jwenn tout potansyalite yo nan etidye pèfòmans mizik. konpoze ak 6 ansanm ranje depi Ansanm Laten jiska Òkès, Pwogram Mizik Lekòl Segondè Nan Tout Vil La ap bay yon varyete opsyon pou elèv yo eksprime yo sou direksyon anpil mizisyen pwofesè Vil Nouyòk ak patnèchip plizyè gwo òganizasyon art ki nan Vil Nouyòk.

### **Konsènan Ansam nou yo**

**\* Koral Lekòl Segondè Nan Tout Vil La**, nan patnèchip avèk Metropolitan Opera Guild ak Master Voices, bay elèv yo opòtinite pou pèfòme akote gwo vedèt opera ak Broadway nan lokal selèb tankou Carnegie Hall, New York City Center, David Geffen Hall (anvan ki te Avery Fisher Hall) ak menm Verbier Music Festival nan peyi Suis.

**\* Bann Konsè Lekòl Segondè Nan Tout Vil La** regilyèman pèfòme mizik nivo pwofesyonèl modèn ak ki deja etabli nan repètwa Bann konsè a . Nan sezon anvan yo, konsè bann la kolabore avèk mayestwo New York Pops la, Steven Reineke, ak genyen yon patnèchip avèk atis ak edikatè enpòtan ki soti nan Ithaca College School of Music, Crane School of Music nan Potsdam, ak Eastman School of Music. Nan anpil okazyon Bann konsè a ap ouvri pou Brooklyn Wind Symphony, ki genyen tou pou te pèfòme nan plas tankou Carnegie Hall, Lincoln Center for the Performing Arts, ak New York University's Skirball Center for the Performing Arts.

**\* Ansanm Dyaz Lekòl Segondè Nan Tout Vil La**, nan patnèchip avèk Jazz at Lincoln Center, etidye yon laj evantay fòm dyaz ak estil. Ansanm Dyaz pèfòme èv ke mastè Dyaz yo fè, tankou Duke Ellington, Miles Davis, Charlie Parker, Thelonious Monk, Dizzy Gillespie, ak John Coltrane. Apre yo fin travay kòtakòt avèk klinisyen Dyaz yo nan Lincoln Center, elèv yo te gen opòtinite pou ale nan Chanpyona Duke Ellington.

**\*Ansanm Laten Lekòl Segondè Nan Tout Vil La** se aktivite ki pi nèf yo ajoute nan Pwogram Mizik Lekòl Segondè Nan Tout Vil La. Ansam Laten an dedye pou onore tradisyon mizikal nan epòk New York City Palladium ansanm avèk estil tradisyonèl ak aktyèl plizyè kilti atravè Amerik Latin la. Ansam sa a se yon gwo bann ki gen 35 pyès ki genyen ladan yon gwo pèkisyon Latèn ak senk chantè. Seksyon pèkisyon an genyen ladan batri, konga, bongo ak tenbal. Chantè yo aprann "Soneo" yon mòd pou chante ak travay sou "Coros" vokal an aryè plan. Kèk nan estil mizik ke elèv yo ap etidye se Cha-Cha-Cha, Bolero, Son Cubano, Rumba, Salsa, Guaguancó, ak Merengue. Repètwa a genyen ladan aranjman orijinal Tito Puente, Eddie Palmieri, Tito Rodriguez, ak The Machito Orchestra. Ansanm Latèn an pratike lè Samdi apremidi, ant 1:00-4:30 PM, sa pèmèt tout elèv patisipe nan Fanfan Tout Vil La, Bann Konsè, Ansanm Dyaz, Òkès, ak Koral Tout Vil La.

**\* Fanfa Lekòl Segondè Nan Tout Vil La** reyini ansanm bon jan mizisyen ki gen talan toupatou nan 5 boroughs epi ki devwe pou anime parad, evènman espòtif ak evènman kominotè anplennè. Fanfa a ap pèfòme pou Yankees ak Giants Championship Parades, Macy's Thanksgiving Day Parade, ak anpil defile pou selebre fèt nasyonal, ansanm avèk plizè kilti ki reprezante nan tout New York City an. Elèv yo aprann repètwa ki nan defile tradisyonèl ke fanfa militè ak bann kominotè te fè vin popilè nan jwe mizik nan ane 1970 yo, 1980 yo, 1990 yo, ak jodi a. Pa twò lontan, Fanfa Tout Vil La te kòmanse Tonight Show avèk vedèt Jimmy Fallon.

**\* Òkès Lekòl Segondè Nan Tout Vil La** pèfòme mizik nivo pwofesyonèl nan tout domèn estanda ak sa ki pa estanda nan repètwa òkès la. Òkès la travay avèk patnè kiltirèl tankou, Midori and Friends ak New York Philharmonic, epi li pèfòme nan pi gwo plas New York City, tankou, Lincoln Center for the Performing Arts ak New York University's Skirball Center for the Performing Arts.

